

Kisa w Bezwen Konnen konsènan Medikaman pou Enfeksyon Tibèkiloz (TB) Inaktif ou a

RIFAMPIN

Yo te ba ou medikaman pou trete enfeksyon TB inaktif ou a. Ou pa genyen maladi TB a epi w pa ka kontamine lòt moun ak TB a. Medikaman sa a pral ede w **ANPECHE** maladi TB a antre sou ou.

Pandan w ap pran Medikaman sa a:

- Di doktè ou enfimyè w si w genyen kesyon oswa enkyetid ak medikaman an.
- Ale nan vizit klinik planifye w yo.
- Diskite sou nenpòt pwoblèm itilizasyon alkòl ak doktè w. Alkòl ka lakòz efè segondè.
- Pale ak doktè w sou tout lòt medikaman w ap pran yo.
- Asire w ke w di lòt doktè yo ke w ap swiv trètman kont enfeksyon TB inaktif.
- Pran tout medikaman w yo jan doktè ou enfimyè TB w la te mande w fè sa.
- Kèk moun twouve ke medikaman an afekte yo mwens lè yo pran li pandan y ap manje.

Konsèy pou Ede w Pran Medikaman w lan:

- ✓ Pran medikaman w lan menm lè a chak jou.
- ✓ Mete alam kòm rapèl pou lè w ta dwe pran medikaman w lan.
- ✓ Mande yon manb fanmi ou zanmi pou fè w sonje.
- ✓ Sèvi ak yon zòrye.
- ✓ Mete yon nòt pou fè w sonje sou miwa ou sou frijidè w.
- ✓ Sèvi ak yon kalandriye pou tcheke jou w te pran medikaman w lan.

Orè Medikaman Enfeksyon TB Inaktif:

(Founisè: Endike orè ki apwopriye, jou ak kantite konprime)

Medikaman	Orè	Kantite konprime pa jou	Dire tan an
Rifampin	Chak jou		4 mwa

Doktè w gendwa mande w rankontre ak yon travayè swen sante w pou w pran medikaman w lan. Yo rele plan sa a terapi obsèvasyon dirèk (DOT).

SI W BLIYE PRAN MEDIKAMAN W LAN: Si se toujou menm jou an, pran dòz la imedyatman ke w sonje. Pa pran 2 dòz an menm tan.

REMAKE

Non doktè m nan:
Non klinik mwen an:
Nimewo telefòn klinik mwen an:



Veye si w Gen Pwoblèm sa yo:

KANPE sou pran medikaman w lan tousuit **EPI** rele doktè ou enfimyè TB w la si w genyen nenpòt pami pwoblèm ki vini annapre yo:

- Mwens apeti, oswa ankenn apeti pou manje
- Vant fèmal ouwa kramp nan lestomak
- Kèplen ouwa vomisman
- Pipi ki gen koulè kola ouwa pou pou lejè
- Grafonyen ouwa blese fasil
- Iritasyon ouwa demanjezon
- Po ouwa zye jòn
- Gwo feblès ouwa fatig
- Fyèv
- Tèt ouwa kò fèmal
- Tèt vire

REMAKE: Li nòmal si pipi w, saliv ou, ouwa dlo nan je w vin gen koulè oranj. Lanti kontak gendwa gate.